

## PHILÉMON

**1** Paul, yon <sup>◊</sup>prizonye Kris Jésus, ak Timothée, frè nou an: a Philémon, frè byeneme e ouvriye parèy nou an,

**2** ak Apphia, sè ou, a <sup>◊</sup>Archippe <sup>◊</sup>sòlda parèy a nou, e a legliz lakay ou a:

**3** <sup>◊</sup>Lagras pou ou, ak lapè Bondye, Papa nou, e Senyè a, Jésus Kri.

**4** <sup>◊</sup>Mwen remèsyé Bondye m nan toujou, e nonmen non ou nan lapriyè m yo

**5** paske mwen <sup>◊</sup>tande de lanmou ou, ak lafwa ke ou genyen anvè Senyè a, Jésus, e anvè tout sen yo.

**6** Anplis, mwen priye pou lamitye lafwa ou kapab vin efikas selon <sup>◊</sup>konesans a tout bon bagay ki nan ou pou koz a Kris la.

**7** Paske nou gen tan twouve anpil <sup>◊</sup>lajwa ak rekonfò nan lanmou ou, paske kè a fidèl yo vin <sup>◊</sup>rafrechi atravè ou menm, frè.

**8** Konsa <sup>◊</sup>malgre ke mwen gen ase konfyans nan Kris pou bay ou lòd pou fè sa ki bon,

**9** malgre pou koz lanmou an, mwen pito sipliye ou—paske mwen se yon moun tankou Paul <sup>◊</sup>gramoun lan, e koulye a, osi <sup>◊</sup>yon prizonye a Kris Jésus.

<sup>◊</sup> **1:1** Ef 3:1    <sup>◊</sup> **1:2** Kol 4:17    <sup>◊</sup> **1:2** Fil 2:25    <sup>◊</sup> **1:3** Wo 1:7

<sup>◊</sup> **1:4** Wo 1:8    <sup>◊</sup> **1:5** Ef 1:15    <sup>◊</sup> **1:6** Phm 1:9    <sup>◊</sup> **1:7** II Kor

7:4,13    <sup>◊</sup> **1:7** I Kor 16:18    <sup>◊</sup> **1:8** II Kor 3:12    <sup>◊</sup> **1:9** Tit 2:2

<sup>◊</sup> **1:9** Phm 1

**10** Mwen sipliye ou, pou <sup>☆</sup>pitit mwen an, Onésime, ke mwen te vin fè pandan mwen te nan <sup>☆</sup>prizon an,

**11** ke avan, te initil a ou menm, men koulye a, li itil ni pou ou, ni pou mwen.

**12** Mwen voye li tounen kote ou an pèsòn. Sa vle di, se kè m menm ke m voye a.

**13** Mwen te pito kenbe l avè m, pou l ta kapab, nan non ou, fè sèvis pou mwen, pandan mwen anprizone pou levanjil la.

**14** Men san pèmisyon ou, mwen pa t vle fè anyen, pou bonte ou <sup>☆</sup>pa ta, anfèt “pa lafòs”, men m ta pito akoz bòn volonte pa ou.

**15** Paske, li ka petèt separe de ou, <sup>☆</sup>eksprè pou rezon sa a, pou yon ti tan, pou ou ta kapab genyen l vin retounen nèt,

**16** pa tankou yon esklav ankò, men plis ke yon esklav <sup>☆</sup>yon frè byeneme, sitou pou mwen menm, men plis ankò pou ou, nan lachè e nan Senyè a.

**17** Si, konsa, ou gade mwen kòm yon <sup>☆</sup>ouvriye parèy ou, aksepte li kòm ou ta aksepte mwen.

**18** Men si, nan nenpòt jan li te fè ou tò, oswa dwe ou yon bagay, mete sa sou kont mwen.

**19** <sup>☆</sup>Mwen, Paul, mwen ap ekri sa avèk pwòp men mwen. Mwen va ranbouse ou li (annou pa menm pale ke ou menm dwe m menm pwòp tèt ou tou.)

**20** Wi, frè m, kite m benefisyé de ou nan Senyè a. <sup>☆</sup>Rafrechi kè m nan Kris la.

---

<sup>☆</sup> **1:10** I Kor 4:14    <sup>☆</sup> **1:10** Kol 4:9    <sup>☆</sup> **1:14** II Kor 9:7    <sup>☆</sup> **1:15**  
Jen 45:5,8    <sup>☆</sup> **1:16** Mat 23:8    <sup>☆</sup> **1:17** II Kor 8:23    <sup>☆</sup> **1:19** I Kor  
16:21    <sup>☆</sup> **1:20** Phm 1:7

**21** ✝Avèk konfyans nan obeyisans ou, mwen ekri ou, paske m konnen ke ou va fè menm plis ke sa mwen di a.

**22** An menm tan an tou, prepare pou mwen yon kote pou m rete, paske mwen gen espwa ke pa ✝lapriyè ou yo pou mwen, y ap lage m nan men ou.

**23** ✝Épaphras, prizonye parèy mwen nan Kris Jésus, salye ou

**24** tankou ✝Marc, Aristarque, Démas ✝Luc, ouvriye parèy a mwen yo.

**25** ✝Ke lagras Senyè a, Jésus Kri, rete avèk lespri ou. Amen.

## Bib Sen An

### The Holy Bible in Haitian Creole, 2023 update

copyright © 2017-2023 Ron Smith

Language: Kreyòl Ayisyen (Haitian)

Translation by: Ron Smith

Contributor: Felix Nixon

This translation is made available to you under the terms of the Creative Commons Attribution Share-Alike license 4.0.

You have permission to share and redistribute this Bible translation in any format and to make reasonable revisions and adaptations of this translation, provided that:

You include the above copyright and source information.

If you make any changes to the text, you must indicate that you did so in a way that makes it clear that the original licensor is not necessarily endorsing your changes.

If you redistribute this text, you must distribute your contributions under the same license as the original.

Pictures included with Scriptures and other documents on this site are licensed just for use with those Scriptures and documents. For other uses, please contact the respective copyright owners.

Note that in addition to the rules above, revising and adapting God's Word involves a great responsibility to be true to God's Word. See Revelation 22:18-19.

2025-04-09

---

PDF generated using Haiola and XeLaTeX on 15 May 2025 from source files dated 15 May 2025

10d5899e-31c7-5009-983b-ffc4788d2e5b